



**Depatman Konsèvasyon ak Detant
Eta Massachusetts**

**Plan DCR pou jere resous nan pak oswa forè ki ozalantou Rivyè Otter
Reyinyon piblik pou prezante pwojè a**

Jedi 21 out @ 6pm – 7:30pm

Enskri nan reyinyon an grasa [Lyen enskripsyon Zoom](#).

Depatman konsèvasyon ak detant (DCR) te prepare plan pou jere resous nan trèz pak oswa forè ki apre yo ki ozalantou Rivyè Otter: Forè Eta Ashburnham nan, Forè Eta J. Harry Rich nan, Zòn detant Lak Dennison nan, Forè Eta Lawton nan, Forè Eta Rivyè Otter a, Pak Eta Pearl Hill lan, Forè Eta Petersham nan, Forè Eta Royalston nan, Forè Eta Squannacook Brook lan, Forè Eta Templeton lan, Forè Eta Townsend nan, Forè Eta Willard Brook la ak Forè Eta Winchendon nan. Kopi plan sa yo disponib sou paj entènèt [RMP distri Central Highlands](#).

Moun ki gade reyinyon ki fèt an liy lan ap ka fè kòmantè apre prezantasyon an, swa lè yo ouvri mikwo yo, swa lè yo ekri kòmantè yo nan tchat la. Apre reyinyon an, prezantasyon an ap disponib pou gade sou paj Entènèt DCR nan [Reyinyon ki te fèt deja kote DCR te pataje enfòmasyon ak piblik la](#). DCR ankouraje piblik la pou pataje lòt kòmantè yo genyen, kote dat limit pou DCR resevwa kòmantè yo se 20 septanm 2025. Yo ka voye kòmantè yo sou [Sit Entènèt DCR pou piblik la ka fè kòmantè](#). Tanpri note sa, yo ka poste sa ki nan kòmantè w voye bay DCR, ansanm ak non w, vil ou ak kòd postal ou sou sit Entènèt DCR la. Si w vle fè yon kòmantè, yo ka mande w pou bay enfòmasyon pou yo kontakte w, tankou imel ou, e y ap sèvi avèk li sèlman pou voye mizajou sou pwojè a oswa pwopriyete a.

Si w gen kesyon oswa preyokipasyon ki gen rapò ak ajans lan oswa w ta renmen yo ajoute w nan yon lis imel pou resevwa anons jeneral oswa presi DCR, tanpri voye yon imel nan Mass.Parks@mass.gov oswa rele 617-626-4973.

Ou ka mande pou gen entèpretasyon an dirèk pandan reyinyon an liy lan men w bezwen mande alavans nan mass.parks@mass.gov oswa 617-872-3270. Tanpri, presize nan ki lang ou mande entèpretasyon an. Si w gen yon andikap, ou ka mande pou yo ba w sipò men w bezwen fè sa alavans lè w kontakte Melixza G. Esenyie, Lwa Ameriken ki gen Andikap (ADA) ak Responsab divèsite nan Biwo egzekitif Enèji ak Zafè anviwònman, nan Melixza.Esenyie2@mass.gov. Dekri ki adaptasyon k ap nesesè a e tanpri mete mezi detay ki posib. Tanpri, fè konnen fason nou ka kontakte w si nou bezwen plis enfòmasyon. Si w fè demann nan aladènyèminit, yo ka eseye ede w, men li ka pa posib pou satisfè ak demann ou fè a.